**Ulıwma bilimlendiriw pánlerinen ayırım test tapsırmaların sheshiw boyınsha abiturientlerge usınıslar**

Mámleketlik test orayı tárepinen Xalıq bilimlendiriw ministrligi, orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriwi orayı hámde joqarı oqıw orınlarınıń tájiriybeli qánigeleri qatnasında joqarı oqıw orınları bakalavriatına 2018-jılda qabıllaw test sınaqların ótkeriw ushın pán mazmunınıń dúzilisi hám abiturientlerdiń tayarlıq dárejesine qoyılatuǵın talaplar kodifikatorı hám joqarı oqıw orınları bakalavriatına 2018-jilda qabıllaw test sınaǵın ótkeriw ushın ulıwma bilimlendiriw pánlerinen test tapsırmaları specifikaciyası islep shıǵıldı.

Abiturientler tayarlıǵı dárejesine qoyılatuǵın talaplar, test tapsırmalarınıń mazmunı hám variantlar dúzilisi Mámleketlik bilimlendiriw standartları hámde tiyisli bilimlendiriwdi basqarıw uyımları tárepinen usınılǵan sabaqlıq hám oqıw qollanbaları negizinde dúzilgen.

Test tapsırmaları variantlarına, joqarı oqıw orınlarına kiriw test sınaqlarında test tapsırmalarına qoyılatuǵın talaplar haqqında túsinikke iye bolıw ushın abiturientlerge qızıqtırǵan pánniń mazmunı dúzilisi hám tayarlıq dárejesine qoyılatuǵın talaplar kodifikatorı, test tapsırmaları specifikaciyası menen tanısıp shıǵıwdı usınıs etemiz.

Test tapsırmaların sheshiwde abiturientler sorawlarda ne soralıp atırǵanın anıq túsinip alıwı kerek. Test tapsırmalarına juwap beriwde abiturientler hárbir berilgen juwaptı tereń analiz etip, juwmaq tiykarında durıs juwaptı tańlawı kerek.

Búgingi kúnde joqarı oqıw ornına kiriw ushın tayarlanıp atırǵan abiturientler itibarına ulıwma bilimlendiriw pánlerinen ayırım test tapsırmaların sheshiwge baylanıslı birneshe metodikalıq usınıslarǵa qaratamız.

**Qaraqalpaq tili ham ádebiyatı páninen test tapsırmaların orınlaw boyınsha abituriyentler ushın ayırım usınıslar**

Búgingi kúnde joqarı oqıw ornına kiriw ushın tayarlanıp atırǵan abiturientler itibarın qaraqalpaq tili ham ádebiyatı páninen ayırım temalar tiykarındaǵı test tapsırmaların sheshiwge baylanıslı metodikalıq kórsetpelerge qaratajaqpız

**1 - test tapsırması**

Juwan dawıslı sesler berilgen qatardı anıqlań.

A) a, o, ı, u B) á, ó, ú, i C) a, á, o, ó D) ı, i, e

Joqarıda keltirilgen test tapsırması abiturientler tayarlıǵı dárejesine qoyılǵan talaplar kodifikatorınıń 2.1-bólim kodına, ekinshi bólimde keltirilgen ózlestiriliwi zárúr bolǵan bilim, kónlikpe, uqıplılıq yamasa qollanıw usılları hám talaptıń 1.2, 1.2.1 kodına hám test tapsırmaları specifikaciyasında keltirilgen birinshi qıyınshılıq dárejesindegi test sorawına sáykes keledi.

**Test tapsırmasınıń orınlanıwı:**

Berilgen test tapsırmasın orınlaw ushın dawıslı seslerdiń sóylew aǵzalarınıń xızmetine hám aytılıwına qaray bóliniwin biliw kerek.

**Durıs juwap:** A) a, o, ı, u

**Derek:** Y.Berdimuratov., Q.Allanazarov., G.Patullaeva. “Qaraqalpaq tili” 5 klass sabaqlıǵı. 2015-jıl., 17-bet.

**2 - test tapsırması**

Balıqshılıq kásibine baylanıslı bolǵan balıq dizetuǵın jip ne dep atalatuǵınlıǵın anıqlań. *1) jormal 2) jipgileń 3) jılım 4) mardan 5) jórgem 6) shırpıw*

A) 2, 3 B) 4, 6 C) 1, 5 D) 1, 3, 4

Bul keltirilgen test tapsırması abiturientler tayarlıǵı dárejesine qoyılǵan talaplar kodifikatorınıń birinshi bólimindegi pán mazmunınıń 3.1-bólim kodına, ekinshi bólimde keltirilgen ózlestiriwi zárúr bolǵan bilim, kónlikpe, uqıplılıq yamasa qollanıw usılları hám talaptıń 1.3,-1.3.1 kodına hám test tapsırmaları specifikaciyasında keltirilgen ekinshi qıyınshılıq dárejesindegi test sorawına sáykes keledi.

**Test tapsırmasınıń orınlanıwı:**

Berilgen test tapsırmasın orınlaw ushın qaraqalpaq tiliniń leksikologiyası boyınsha yaǵnıy kásiplik sózlerdi hám onıń mánilerin ajırata alıwı kerek. Kásiplik sózler temasında berilgen kásiplik sózlerdi bir-birinen, bir kásipke baylanıslı sózlerdiń parıqlay alıwi kerek.

1, 5 - Jormal, jórgem - balıqshılıq kásibine baylanıslı balıq dizetuǵın jip;

2 – jipgileń - mal sharwashılıgına baylanıslı kásiplik sóz bolıp, jerdegi shop-shardıń jawın yamasa shıq túsip jumsaq bolıwi;

3, 4 – jılım, nárete - balıqshılıq kásibine baylanıslı awdıń túrleri;

6 – diyqanshılıq kásibine baylanıslı sóz.

**Durıs juwap:** C) 1, 5

**Derek:** M.Dáwletov., B.Qutlımuratov., A.Dáwletova, G.Qutlımuratova. "Qaraqalpaq tili" 6 klass sabaqlıǵı. 2017 jıl., 30-31-betler.

**3 - test tapsırması**

Waqıt baǵınıńqılı qospa gáp quramında pısıqlawısh xızmetinde qollanılǵan atlıq sózdi juwaplardan durıs belgileń.

1. Men qaytıp ishke kirgenimde, balalar ele Petka menen tanısıp atır eken.
2. Úyge qonaqlar kirip kelgennen-aq, Ayxan dalaǵa shıǵıp ketken edi.
3. Ábdimurat hám shofyor mashinasınan túse bergende Sergey Coydıń mashinası júrip ketti.
4. Marina Petrovna kelgennen berli, Aysholpan hár qıylı awqat jewge úyrendi.
5. Shoqalaqqa hámme jıynalıp bolǵannan keyin, top buzıldı.

a) 1, 5 b) 2 c) 3 d) 4, 5

Bul keltirilgen test tapsırması abiturientler tayarlıǵı dárejesine qoyılǵan talaplar kodifikatorınıń birinshi bólimindegi pán mazmunınıń 6.4-bólim kodına, ekinshi bólimde keltirilgen ózlestiriwi zárúr bolǵan bilim, kónlikpe, uqıplılıq yamasa qollanıw usılları hám talaptıń 1.6, 1.6.1, 1.5, 1.5.1, kodına hám test tapsırmaları specifikaciyasında keltirilgen úshinshi qıyınshılıq dárejesindegi test sorawına sáykes keledi.

**Test tapsırmasınıń orınlanıwı:**

Birinshiden, waqıt baǵınıńqılı qospa gáp haqqında bilimge iye bolıwı, mánili sóz shaqaplarınıń, sonıń ishinde atlıqtıń gáptegi xızmetin anıqlaw kerek. Bas gápke soraw qoyıw arqalı baǵınıńqılı qospa gáptiń waqıt baǵınıńqılı qospa gáp ekenligin anıqlanadı : Ayxan qashan dalaǵa shıǵıp ketti? Úyge qonaqlar kirip keliwden-aq. Soń gáp aǵzalarına tallaymız , bas gáp: Ayxan dalaǵa shıǵıp ketken

edi. shıǵıp ketken edi – bayanlawısh. Ayxan – baslawısh. dalaǵa – orın pısıqlawısh, atlıq sóz.

**Durıs juwap:** B)Úyge qonaqlar kirip kelgennen-aq, Ayxan dalaǵa shıǵıp ketken edi.

**Derek:** M.Dáwletov., E.Dáwenov., D.Seydullaeva. «Qaraqalpaq tili» 9 klass sabaqlıǵı. 2014-jıl., 40-bet.

**4 - test tapsırması**

«Shopanlar», «Oraqshılar», «Kún qayda?» qosıqları kimniń qálemine tiyisli ?

A) Ótesh B) Berdaq C) Ájiniyaz D) Kúnxoja

Test tapsırması abiturientler tayarlıǵı dárejesine qoyılǵan talaplar kodifikatorınıń birinshi bólimindegi pán mazmunınıń 4.1-bólim kodına, ekinshi bólimde keltirilgen ózlestiriwi zárúr bolǵan bilim, kónlikpe, uqıplılıq yamasa qollanıw usılları hám talaptıń 1.4-1.4.1 kodına hám test tapsırmaları specifikaciyasında keltirilgen birinshi qıyınshılıq dárejesindegi test sorawına sáykes keledi.

**Test tapsırmasınıń orınlanıwı:**

Berilgen test tapsırmasın orınlaw ushın XIX ásir qaraqalpaq ádebiyatı wákilleriniń dóretiwshiligi menen tanıs bolıwi, ásirese Kúnxoja Ibrayım ulınıń qosıqların biliw kerek.

**Durıs juwap:** D) Kúnxoja

**Derek:** J.Pirniyazov., P.Nurjanov., J.Umatova. «Ádebiyat» 5-klass sabaqlıǵı. 2015 jıl., 90-bet.

**5 - test tapsırması**

*Aǵarıp atqan tań ba eken*
*Tań sholpanı kún be eken*
*Aǵashtıń bası nar ma eken*
*Shubalısqan el me eken*
*Shubırlasqan mal ma eken*

**Qosıq qatarlarınıń irkilis belgilerin qoyıń.**

A) dáslepki tórt qatardan soń útir, besinshi qatarǵa soraw belgisi.
B) birinshi, úshinshi, tórtinshi qatardan són útir, besinshi qatarǵa soraw.
C) barlıq qatardan soń soraw qoyıladı.
D) dáslepki tórt qatardan soń útir, besinshi qatarǵa noqat.

Bul keltirilgen test tapsırması abiturientler tayarlıǵı dárejesine qoyılǵan talaplar kodifikatorınıń birinshi bólimindegi pán mazmunınıń 8.1-bólim kodına, ekinshi bólimde keltirilgen ózlestiriwi zárúr bolǵan bilim, kónlikpe, uqıplılıq yamasa qollanıw usılları hám talaptıń 1.8-1.8.1, 2.2-2.2.5, 2.4-2.4.6 kodına hám test tapsırmaları specifikaciyasında keltirilgen ekinshi qıyınshılıq dárejesindegi test sorawına sáykes keledi.

**Test tapsırmasınıń orınlanıwı:**

Birinshiden, berilgen mısaldıń dúzilisin, mánilik ózgesheligin, qospa gáptiń quramındaǵı jay gápler soraw mánili bolıp kelgende hárbir soraw mánili jay gápten keyin útir qoyıladı da, soraw belgisi qospa gáptiń keynine qoyılatuǵınlıǵın biliw kerek. Yaǵnıy qospa gáp, soraw gáp, dáslepki tórt qatardan soń útir, besinshi qatarǵa soraw belgisi qoyıladı.

**Durıs juwap :** A) dáslepki tórt qatardan soń útir, besinshi qatarǵa soraw belgisi

**Derek:** M.Dáwletov., E.Dáwenov., D.Seydullaeva. «Qaraqalpaq tili» 9 klass sabaqlıǵı. 2014-jıl., 112-113- betler.

**6 - test tapsırması**

Berilgen qatarlardıń avtorların durıs anıqlań.

1) Eger de úndemey otırsa adam,
   Jaqsı-jamanlıǵı bilinbes mudam.
2) Zatı pás adamǵa heshbir jalınba,
   Sebep ol tuwılǵan haywan halında.
3) Kimdi kórseń Xızır bil,
   Túndi kórseń qádir bil.
4) Sózińe ıqtıyat bol, basıń ketpesin,
   Tilińe ıqtıyat bol, tisiń sınbasın.

a) Sulayman Baqırǵanıy; b) Yusup Has Hajib; c) Saadiy Sheraziy; d) Abilqasım Ferdawsiy.

A) 1-c ; 2-d ; 3-a ; 4-b. B) 1-a ; 2-b ; 3-c ; 4-d.
C) 1-c ; 2-d ; 3-b ; 4-a D) 1-a, b ; 2-c ; 3-d.

Bul keltirilgen test tapsırması abiturientler tayarlıǵı dárejesine qoyılǵan talaplar kodifikatorınıń birinshi bólimindegi pán mazmunınıń 3-3.1, 3.6 bólim kodına, ekinshi bólimde keltirilgen ózlestiriwi zárúr bolǵan bilim, kónlikpe, uqıplılıq yamasa qollanıw usılları hám talaptıń 1.3-1.3.2, 2-2.1.2, kodına hám test

tapsırmaları specifikaciyasında keltirilgen úshinshi qıyınshılıq dárejesindegi test sorawına sáykes keledi.

**Test tapsırmasınıń orınlanıwı:**

Berilgen test tapsırmasın orınlaw ushın túrkiy xalıqlarǵa ortaq bolǵan ádebiy esteliklerdi, shıǵıs ádebiyatı úlgilerin biliwimiz kerek. Yaǵnıy joqarıda atı keltirilgen dóretiwshilerdiń jasaw dáwiriniń ózgeshelikleri, shıǵarmalarınıń mazmunınan kelip shıǵıp anıqlanadı.

**Durıs juwap:** A) 1-c ; 2-d ; 3-a ; 4-b

**Derek:** K.Mámbetov., G.Jaqsimova., R. Nietova. «Ádebiyat» 7 klass sabaqlıǵı. 2017 jıl. 133, 137, 238, 250-betler.